

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métođu Panalungtikan**

Métodeu mangrupa cara pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Cara anu digunakeunana dumasar kana tinimbangan panalungtik sabada nyawang kana tujuan objék anu ditalungtikna. Métođu ngaguar sacara téhnik ngeunaan stratégi nu digunakeun dina panalungtikan. Dina ngahontal udagan panalungtikan, panalungtik ngagunakeun métodeu kualitatif.


Bogdan jeung Taylor (1975) dina Edraswara (2006, kc. 85) nétélakeun yén kajian kualitatif nya éta prosedur panalungtikan anu meunangkeun data déskriptif mangrupa kecap-kecap atawa lisan ti papada jalma jeung paripolah anu ditalungtikna. Jadi dina panalungtikan anu ngagunakeun métode kualitatif, anu digunakeun ku panalungtik nya éta métodeu déskripsi. Sabab métodeu déskripsi jadi hal nu paling penting dina panalungtikan pérspektif kualitatif.

Métodeu déskriptif nya éta métodeu nu bisa dipaké pikeun nalungtik hiji kelompok jalma, atawa hiji objék pikeun tujuan ngagambarkeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, sifat sarta hubungan antar kajadian nu ditalungtik.

Métodeu déskriptif digunakeun pikeun ngagambarkeun kasang tukang ngaran tempat nu aya di Kacamatan Cimalaka Kabupatén Sumedang anu satuluyna dijadikeun bahan pangajaran Dongéng di kelas VII SMP.

### 3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rencana dina prosés panalungtikan. Ieu di handap panalungtik nyieun désain panalungtikan pikeun ngaontal kana tujuan panalungtikan.



### 3.3 Sétting Panalungtikan

Sétting panalungtikan ngawengku waktu, jeung tempat panalungtikan dilaksanakeun, sarta sumber data panalungtikan. Ieu hal anu jadi sasaran dina panalungtikan sangkan naon anu jadi udagan panalungtikan bisa kahontal.

#### 3.3.1 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun kurang leuwih salila sabulan, nya éta ti tanggal 25 Désember 2016 nepi ka tanggal 23 Januari 2017

### 3.3.2 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kacamatan Cimalaka, Kabupatén Sumedang, Provinsi Jawa Barat. Ieu panalungtikan museur kana asal-muasal ngaran kampung di tiap désa nu aya di Kacamatan Cimalaka.

Nurutkeun Badan Pusat Statistik Kabupaten Sumedang (2016) Kacamatan Cimalaka nya éta salasahiji kacamatan dina 26 kacamatan nu aya di Kabupaten Sumedang. Ayana daérah Kacamatan Cimalaka nya éta deukeut pisan suku Gunung Tampomas. Sacara géografis Kacamatan Cimalaka aya dina  $6^{\circ} 48' 1''LS$  -  $107^{\circ} 57' 8''BT$ . Sarta aya di Jawa Barat lebah wétana Provinsi Jawa Timur. Watesna lebah wétan nya éta jeung Kacamatan Paséh, lebah kidulna jeung Kacamatan Sumedang Utara, kalérna jeung Kacamatan Conggéang, sarta lebah kulonna jeung Kacamatan Tanjungkerta. Legana wilayah Kacamatan Cimalaka nya éta 4.161 Ha, sarta jumlah pendudukana aya 58.891 jiwa.

### 3.3.3 Démografi atawa Kependudukan

Jumlah penduduk Kacamatan Cimalaka taun 2016 aya 64121 jalma. Ditingali dina komposisina, jumlah penduduk di Kacamatan Cimalaka leuwih loba lalaki tibatan awéwé. Jumlah penduduk dumasar kana jenis kelamin baris didadarkeun dina tabél ieu dihandap.

**Tabél 3.1**  
**Jumlah Penduduk Dumasar Jenis Kelamin**  
**Dirinci di Tiap Désa Taun 2016**

No.	Désa	Penduduk		
		Lalaki	Awéwé	Total
1	Cimuja	1357	1302	2659
2	Cibeureum Wetan	2364	2330	4694
3	Cibeureum Kulon	2246	2164	4410
4	Mandalaherang	2728	2733	5461
5	Cimalaka	2646	2557	5203
6	Serang	973	983	1956
7	Galudra	1694	1627	3321
8	Cikole	1853	1707	3560
9	Tarunamanggala	3881	3405	7286
10	Nyalindung	2466	2363	4829
11	Naluk	1610	1667	3277

12	Citimun	3319	2973	6292
13	Licin	4126	4316	8442
14	Padasari	1389	1342	2731
	<b>Kec. Cimalaka</b>	<b>32652</b>	<b>31469</b>	<b>64121</b>

*Sumber : Badan Pusat Statistik Kabupaten Sumedang 2016*

### 3.3.4 Kondisi Sosial Budaya

#### 3.3.4.1 Agama atawa Sistem Kapercayaan

Penduduk Kacamatan Cimalaka mayoritas agama Islam, ieu hal bisa ditingali tina lobana jumlah sarana ibadah di Kacamatan Cimalaka nya éta 109 Mesjid, 94 Musola, 11 Pasantrén.

#### 3.3.4.2 Atikan

Dina widang atikan, sarana atikan nu aya di Kacamatan Cimalaka dina taun 2016 bisa didadarkeun dina tabél ieu dihandap.

**Tabél 3.2**  
**Jumlah Sakola jeung Siswa TK, SD, SMP, jeung SMA**  
**Dirinci di Tiap Désa Taun 2016**

No.	Nama Desa	TK		SD		SMP		SMA	
		Jml. Sklh.	Jml. Mrd.	Jml. Sklh.	Jml. Mrd.	Jml. Sklh.	Jml. Mrd.	Jml. Sklh.	Jml. Mrd.
1.	Cimuja	1	28	1	95				
2.	Cibureum Wétan	1	19	1	102				
3.	Cibeureum Kulon	1	19	1	463				
4.	Mandalahérang	2	43	3	456				
5.	Cimalaka	1	14	3	256	1	1100		
6.	Sérang	1	14	2	183				
7.	Galudra			2	172				
8.	Cikole	1	20	2	300				
9.	Trunamanggala	1	29	3	416	1	455		
10.	Nyalindung	1	17	1	195				
11.	Naluk	1	8	1	195				
12.	Citimun	3	54	3	588	1	719		
13.	Licin	1	48	3	755			2	1332
14.	Padasari	1	26	1	193				
<b>Jumlah</b>		<b>16</b>	<b>374</b>	<b>29</b>	<b>4639</b>	<b>3</b>	<b>2274</b>	<b>2</b>	<b>1332</b>

*Sumber : Badan Pusat Statistik Kabupaten Sumedang 2016*

### 3.3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngaran-ngaran kampung atawa tempat di tiap Désa di Kacamatan Cimalaka. Ku sabab di tiap Désa ngaran kampung leuwih ti hiji, jadi panalungtik nyokot *sampel* anu dumasar kana arah mata angin (kulon, kalér, wétan jeung kidul).




Sedengkeun anu jadi sumber datana nya éta aparat pamaréntah Désa, para tokoh masarakat, sesepuh, jeung kuncén anu apal kana kasang tukang ngaran kampung dingaranan samodél kitu.

### 3.3.6 Informan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha informan anu bakal jadi sumber meunangkeun data. Kritéria informan dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu dihandap:

- Asli warga kampung satempat;
- Miboga umur 25 taun atawa leuwih;
- Miboga kalungguhan husus di wilayahna.

**Tabél 3.3**  
**Data Informan**

No.	Poto	Identitas
1.		Wasta : Eyang Syarif
		Umur : 67 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Dosén
		Alamat : Kampung Kojéngkang
2.		Wasta : Mama H. Uar
		Umur : 66 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Dalang
		Alamat : Kampung Tagog
3.		Wasta : Tarno Wijaya
		Umur : 69 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Kepala Désa
		Alamat : Kampung Nyalindung

4.		Wasta : Entom Diranta Saputra
		Umur : 84 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Dalang
		Alamat : Kampung Naluk
5.		Wasta : Bah Soma
		Umur : 62 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Kuncén
		Alamat : Kampung Cimuja
6.		Wasta : Sarya Ata
		Umur : 92 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Kuncén
		Alamat : Kampung Cibueuk
7.		Wasta : Sandi Soleh Saepudin
		Umur : 27 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Sekertaris Désa
		Alamat : Kampung Galudra
8.		Wasta : Ento
		Umur : 76 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Kuncén
		Alamat : Kampung Cilimbangan
9.		Wasta : Taryat Hidayat
		Umur : 69 taun
		Jenis Kelamin : Lalaki
		Kalungguhan : Dalang
		Alamat : Kampung Ciséda

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara jeung dokuméntasi.

#### 1) Téhnik Studi Pustaka

Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun bahan tulisan dina néangan jeung nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

#### 2) Téhnik Observasi

Téhnik observasi digunakeun pikeun néangan sarta ngumpulkeun data atawa informasi nu leungkep jeung akurat ku cara langsung ka lapangan.

#### 3) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun meunangkeun data atawa informasi ngaliwatan lisan ti informan. Réspondén dina ieu panalungtikan nya éta tokoh masarakat, sesepuh, aparat pamarentah Désa jeung kuncén anu nyaho kana kasang tukang asal-muasal ngaran patempatan di Kacamatan Cimalaka.

#### 4) Téhnik Dokuméntasi

Ieu téhnik digunakeun pikeun meunangkeun data atawa informasi nu mangrupa foto atawa hal naon waé pikeun ngarojong kana panalungtikan sakaligus ngajadikeun bukti yén panalungtikan bener-bener dilaksanakeun.

### 3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawéna, sarta hasilna leuwih hadé (Arikunto, 2013, kc.203).

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Alat rékam anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan asal-muasal ngaran patempatan di Kacamatan Cimalaka;
- 2) Kaméra pikeun ngadokuméntasikeun hal-hal anu aya patalina jeung panalungtikan;

- 3) Kartu panalungtikan pikeun identitas informan;

Daftar Informan	
Nomer	
Wasta	
Jenis Kelamin	
Umur	
Alamat	
Pakasaban	
Atikan	

**Tabél 3.4**

- 4) Daftar patalékan mangrupa hal naon waé anu rék dijadikeun patalékan dina ieu panalungtikan.
- Kumaha kasang tukang ngaran ieu kampung?
  - Naha aya carita anu ngarojong kana ngaran ieu tempat?
  - Naha aya kajadian, nepi ka disapukan ieu ngaran tempat téh?
  - Naha aya bukti atawa fakta sajarah anu ngarojong kana ngaran tempat?
  - Miboga harti naon ngaran ieu kampung numutkeun masarakat di dieu?

### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah jeung nganalisis data ieu panalungtikan téh katitén saperti ieu di handap:

- ngumpulkeun informasi anu geus kacangking ngaliwatan studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi;
- ngelompokeun ngaran-ngaran tempat dumasr kana tilu aspék (fisikal, sosial, jeung kultural);
- ngadéskripsikeun unggal ngaran tempat;
- nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.



